



Pou Piblikasyon Imedyat: 4 janvyè 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN GWO PWOJÈ REPARASYON NAN KAPITÒL ETA NEW YORK

Pwojè ki fini yo gen ladan Modènizasyon Hall of Governors, Re-ouvèti Koupòl Asanble a, ak Enstalasyon Objè Istorik toupatou nan Kapitòl la

Ekspozisyon Nouvo Kalite Mize a Pral Fè Koulwa Kapitòl la Vin Bèl epitou l Ap Fè Koleksyon Objè Atistik yo Fasil pou tout Nouyòkè yo Wè

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finisman gwo pwojè reparasyon nan Kapitòl Eta New York, ak enstalasyon ekspozisyon bon kalite mize toupatou nan bilding nan pou prezante nouvo objè atistik ki pa t janm ekspoze pou piblik la anvan, epi ki rakonte istwa New York. Pou fete okazyon sa a, Gouvènè Cuomo koupe riban nan Sal Resepsyon Gouvènè a, epitou li devwale Koupòl Asanble a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Reparasyon Kapitòl la se yon senbòl efò nou pou fè vin gen konfyans ak ranman nan gouvènè eta a. Yon lè Kapitòl la te reprezante yon kokennchenn senbòl pou demokrasi a, men li te vin degrade apre yo te neglije li pandan plizyè ane. Kounye a, bilding nan tounen jan li te ye anvan. Sa fèt anvan dat ki te prevwa a, epitou sa koute mwens lajan pou kontribiyab yo. Kounye a, Kapitòl nou an yon fwa ankò vin yon fanal pou tout Nouyòkè yo, pou mete yo alèz pou yo patisipe nan gouvènman eta yo -- pou kounye a, lontan, ak pidevan.”

Ane pase, Gouvènè Cuomo te anonse yon gwo avans nan pwojè reparasyon Kapitòl la, sa ki te pèmèt travay la fini kèk ane anvan dat ki te prevwa a. Okòmansman, yo te prevwa pou tout pwojè reparasyon pandan 14 ane fini nan mwa jiyè 2014. Men anba kalandriye revize Gouvènè a, kounye a yo prevwa pral gen yon gwo pati nan travay la k ap vini nan sezon lotòn 2012. Nouvo plan Gouvènè a te redui depans pwojè a tou a \$2.3 milyon dola.

Dirijan Majorite Sena a, Dean G. Skelos di konsa, “Nan sèlman yon ane, nou jwenn konfyans pèp la ankò nan gouvènman an, epi nou pwouve Albany kapab fonksyonèl ak responsab pou kontribiyab New York yo ak pou fanmi yo. Epi, gras ak kalite dirijan ak vizyon Gouvènè Cuomo, reparasyon fizik Kapitòl fini kounye a - - anvan dat ki te prevwa a epitou avèk mwens bidjè. Anons sa a ajoute sou anpil siksè nou yo, epi yon fwa ankò li montre sa nou kapab reyalize lè nou travay ansanm. Sou non kamarad Sena mwen y, m ap tann konsa pou wè plis bon bagay vini nan pwochen ane a.”

Pòtpawòl Asanble Sheldon Silver di konsa, “Kapitòl Eta New York se yon vrè konstriksyon istorik. Tout deba sou lejislasyon enpòtan ki te chanje lavi Nouyòkè yo, ak tout Ameriken, te fèt nan koulwa sa yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li fè reparasyon Kapitòl la, ak

inogirasyon bèl koupòl Asanble a, yon priyorite pou li. Jenerasyon Nouyòkè ki vizite Kapitòl la kapab apresye trezò li yo kounye a.”

Manm Komisyon Biwo Sèvis Jeneral, RoAnn Destito, di konsa, “Angajman Gouvènè Cuomo pou retounen gouvènman eta a ba pèp la se yon prèv ki parèt aklè avèk bèl reparasyon Kapitòl la. Se yon onè pou ajans nou an patisipe nan fè kokennchenn bilding sa a vin pi fasil pou Nouyòkè yo gen aksè ladan, epitou pou li sèvi kòm reprezantan objè istorik ki nan ekspozisyon kounye a.”

Harold Holzer, Vis-Prezidan Direktè Metropolitan Museum of Art ak yon konseye reparasyon Hall of Governors (Gran Sal Gouvènè yo), di konsa “Penti ki nan Sal Gouvènè yo te merite yon ekspozisyon egalego depi lontan poutèt enpòtans istorik ak atistik yo, yon enpòtans ki fè yo fasil ankò pou wè epi omwen ki ajoute kontèks pou dirijan yo reprezante yo. Kalite dirijan Gouvènè Cuomo nan re-konsepsyon Hall of Governors ap omwen fè pòtre yo pi fasil pou wè ak pi enpòtan pou piblik la. Mwen di kominote mize lokal la mèsè pou gwo patisipasyon yo nan nouvo enstalasyon ak entèpretasyon sa a, sitou Mark Schaming ki nan State Museum, Tammis Kane Groft ki nan Albany Institute of Art, Achitèk Kapitòl James Jamieson, Achivis Eta a Christine Ward, ak Matthew Bender ki nan Komisyon Eta New York pou Reparasyon Kapitòl la.”

Matthew Bender IV ki nan Komisyon Eta New York pou Reparasyon Kapitòl la, di konsa, “Komisyon Kapitòl la bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li pouswiv reparasyon Referans Istorik Nasyonal sa a yon fason ki dinamik. Komisyon an voye gwo kout-chapo pou Gouvènè a poutèt li reyalize objektif li pou re-louvri Kapitòl la pou piblik la ak pou bay yon elan tounèf nan bilding istorik sa a. Pòtre ki fèk enstale nan Hall of Governors, ansanm avèk ekleraj amelyore, nouvo etikèt, ak objè atistik istorik nan New York State Museum, ap sèvi pou amelyore eksperyans vizitè yo. Koupòl Asanble a ak eskalye ki fèk repare ak enstale montre egzanp angajman Gouvènè Cuomo pou reyalize reparasyon espas piblik prensipal Kapitòl pou nouvo sitwayen New York yo jwi ane sa a ak pidevan.”

Lis ki annapre a se yon pati nouvo ekspozisyon ki nan Kapitòl Eta New York ak nan Empire State Plaza. Ou kapab jwenn tout lis la nèt nan sitwèb <http://hallofgovernors.ny.gov>.

EKSPOZISYON KI NAN KAPITÒL LA

Hall of Governors

Yo te repare Gran Sal istorik Gouvènè ki nan dezyèm etaj Kapitòl la pou fè li vin yon kote ki pi konvab ak bèl pou manm piblik la ak pou gwoup lekòl k ap vizite yo. Gran Sal la, ki bay mennen sèlman nan plizyè biwo andedan Biwo Egzekitif la tankou biwo Gouvènè a, gen ladan pòtre ansyen gouvènè Eta New York.

Gran Sal Gouvènè ki repare a gen ladan:

- Nouvo Pòtre ak Kwonoloji Istorik: Yo te repare epi mennen nan Hall of Governors yon kantite pòtre ansyen gouvènè ki pa t la nan koleksyon an, tankou Gouvènè John Jay ak Gouvènè William Seward. Answit, tout pòtre ki nan Hall of Governors te jwenn rekonesans poutèt yo ekspoze yo nan lòd kwonolojik, yo te mete byografi chak gouvènè ki reprezante yo anba chak pòtre, epi yo te enstale yon kwonoloji sou miray Gran Sal la pou bay yon kontèks istorik.

- Nouvo Sitwèb: Yo kreye yon nouvo sitwèb – <http://hallofgovernors.ny.gov> – avèk lòt dokiman istorik. Sitwèb la fasil pou ale ladan avèk telefòn entèlijan yo, pou ofri yon vizit apye nan Hall of Governors, epitou pou pèmèt vizitè yo koute rezime diskou yo ak wè dokiman ekri ansyen gouvènè yo pandan y ap vizite galri a.
- Lòt Objè Atistik: Kounye a Gran Sal la prezante dokiman ki note premye sityasyon eta a nan lòd kwonolojik, tankou:
 - Yon kopi premye konstitisyon eta a depi ane 1777
 - Yon lèt George Washington pou fè konnen li gen konfyans nan Jeneral George Clinton nan ane 1777
 - Dokiman ki konsène abolisyon esklavaj
 - Objè atistik yon kantite gouvènè ki reprezante nan Gran Sal la, tankou Samuel Tilden, Grover Cleveland, Theodore Roosevelt, Al Smith, Franklin Roosevelt, Nelson Rockefeller, ak Hugh Carey
 - Yon kopi Asosyasyon Jeneral 1775, yon deklarasyon revolisyon konsènan entansyon pou fòme yon nouvo gouvènman, ki te fèt yon ane anvan Deklarasyon Endepandans lan.

Sal Resepsyon Gouvènè

Espas sa a ki nan dezyèm etaj la rele Sal Lagè tou poutèt miray plafon enpresyonan li. Kounye a, li ekspozè plizyè trezò ki rakonte yon pati nan premye istwa New York. Ekspozisyon an gen ladan :

- Yon kanon an bwonz ki la depi ane 1630
- Yon ekspozisyon sou evolisyon Gran So Eta a, yo te chanje anpil fwa depi kòmansman li nan ane 1777
- Objè atistik ki asosye avèk Gouvènè DeWitt Clinton ak konstriksyon Kannal Erie, tankou barik orijinal Gouvènè Clinton te itilize pou louvri kannal la nan ane 1825
- Anpil modèl tankou *Victorine*, yon ti bato yo te bati pou navige sou Rivyè Hudson nan ane 1848, ak *Half Moon*, yon bato eksplorasyon Olandè Henry Hudson te voye nan ane 1609.

Sal Drapo

Premye sal drapo, ki te reprezante espas pou plizyè drapo batay eta a, genyen kounye a bon jan egzanp atik militè ki la depi anvan Gè Sivil la pou rive nan jounen jodi a. Atik yo gen ladan inifòm militè, chapo, kask, ak lwanj.

Ekspozisyon sou Dife ki te Pran nan Kapitòl

Yon ekspozisyon atik ki asosye avèk dife ane 1911 lan ki te ravaje Kapitòl sou premye etaj la, palòtbò Sal Drapo a.

Eskalye Asanble a

Eskalye a pi vizib apati katriyèm etaj la. Reparasyon ki fèt sou koupòl ak eskalye Asanble a fè yo vin jan yo te enpresyonan nan ane 1879. Nan reparasyon an, yo te re-kreye miray konplèks ki gen koulè wouj ak lò yo desine alamen, epitou yo te rebati eskilpti ak masònri an pyè konplèks tou. Nan reparasyon an, yo te retire eleman yon modènizasyon ki te fèt nan ane 1940 ki te detwi anlè eskalye a.

Modènizasyon eskalye Sena a se dènye gwo pati reparasyon Kapitòl la. Yo te pwograme pwojè sa a pou fini nan mwa jiyè 2014, men anba kalandriye revize Gouvènè a, kounye a, yo prevwa travay la pral fini anvan fen ane 2012.

Gran Sal Asanble a

Istwa Asanble Eta New York rakonte nan sa ki anba la a:

- Ekspozisyon lejislasyon istorik ki sipòte dwa pou fanm yo vote, refòm travay ak pratik pou bay travay, ak kreyasyon Niagara Reservation, pak eta a ki pi ansyen nan peyi a
- Dokiman ki gen rapò ak Komisyon Ankèt sou Faktori, yo te kreye apre dife ki te pran nan Triangle Shirtwaist Factory
- Yon òlòj ki te kwoke okòmansman nan Chanm Asanble a peprè nan ane 1835

Gran Sal Sena a

Objè atistik ki reprezante kontribisyon istorik Sena Eta New York la gen ladan:

- Yon bist (pwatrin) ak dokiman Senatè ak Gouvènè Eta a, William H. Seward
- Plizyè pyès ki asosye avèk Philip Schuyler, yon manm premye Sena Eta a
- Yon biwo Chanm Sena a ki la depi disneyèm syèk pase a

Gran Sal State Street

Gran sal State Street prezante kounye a atik pou selebre Prezidan Ulysses S. Grant, ki gen kò li antere nan eta nan Kapitòl la apre li te mouri nan ane 1885. Atik ki nan gran sal la gen ladan bist Prezidan Grant ak foto istorik okazyon espesyal sa a.

Ekspozisyon Jidisyè

Gen yon ekspozisyon objè atistik legal istorik nan dezyèm etaj ki deyò sal ki rele kounye Blue Room (Sal Ble), kote Koudapèl la te ye nan ane 1883. Ekspozisyon an gen ladan atik ki asosye avèk jiris James Kent, Robert R. Livingston, Benjamin N. Cardozo, Learned Hand, Robert H. Jackson, George Bundy Smith, ak Judith S. Kaye.

1861: Bandwòl pou Laglwa

Ekspozisyon sa a ki nan Gran Sal Antre Lès nan dezyèm etaj la selebre 150yèm anivèsè kòmansman gè sivil la avèk prezantasyon uit (8) drapo istorik nan Koleksyon Drapo Batay Eta New York ki la depi kòmansman lagè a nan ane 1861. Ekspozisyon sa a bay lonè pou 100,000 sòlda Eta New York ki te rasanble toutotou drapo a pandan dewoulman Gè Sivil la.

Asosyasyon Korespondan Lejislatif (LCA)

LCA chita ant Chanm Sena ak Chanm Asanble a nan twazyèm eta la. Ekspozisyon LCA prezante objè atistik ansyen jounalis selèb ki te kouvri evènman gouvènman eta a.

GRAN SAL EMPIRE STATE PLAZA

Veyikil pou Premye Repons ak Lapolis

Nan ekspozisyon an, genyen yon kantite veyikil ki sanble avèk sa yo te itilize pou sipòte efò sekou ak redrèsman nan kominote ki toupatou nan eta a apre tanpèt ki te fè anpil dega nan sezon lete 2011 lan. Veyikil sa yo gen ladan bato Zodiac yo te itilize nan plizyè efò sekou ak yon Humvee yo te itilize pou deplase twoup ak rezèv.

Koleksyon pou Sèvis Transpò

Yon ekspozisyon istorik tout kalite mòd transpò ofri vizitè yo bon apèsi nan kèk trezò sèvis transpò a, tankou:

- Limouzin egzekutif Gouvènè Nelson Rockefeller
- Yon Packard Phaeton ane 1932
- Yon Pierce-Arrow tip 43 ane 1931 ki ra
- Yon bato gid Adirondack
- Plizyè wagon komèsyal istorik

Lapolis Eta

Lapolis Eta New York ap sèvi pèp New York depi ane 1917. Koleksyon sa a prezante kèk atik patikilye nan pase istorik yo, tankou:

- Yon Harley Davidson Electra-Glide ane 1966
- Inifòm ak pwoteksyon Lapolis Eta
- Yon chapo ikòn Stetson
- Yon vwati Plymouth Fury ane 1973 Lapolis Eta a ki te konn fè patwouy woutin ak patwouy entè-eta

DEYÒ KAPITÒL LA

Patinwa Empire State Plaza

Patinwa a louvri kounye a pou premye fwa depi sezon livè 2007-2008. Patinwa a ofri patinaj sou glas pou gratis chak jou ant 11:00 am ak 8:00 pm. Lokasyon paten, yon ba-kolasyon ki ofri sèvis konplè ak yon salon ki gen kazyè tout kote nan sal la.

LÒT ENFÒMASYON

Ou kapab jwenn yon lis nouvo ekspozisyon ak aktivite nan Kapitòl Eta New York ak nan Empire State Plaza nan sitwèb <http://hallofgovernors.ny.gov>. Kapitòl la louvri jiska 7:00 PM nan jou lasemèn, epi jiska inèdtan apre sesyon fini nan jou lè Lejislati a reyini. Vizit piblik yo fèt lendi jiska vandredi a 10:00 AM, 12:00 PM, 2:00 PM, ak 3:00 PM. Rezèvasyon sou Entènèt disponib pou gwoup ki gen dis (10) moun oswa plis nan sitwèb www.ogs.ny.gov.

Nan premye jou Gouvènè Cuomo te pran fonksyon li, 1ye janvye 2011, li te pibliye yon Dekrè Egzekitif ki te re-louvri Hall of Governors pou piblik la apre li te fèmen depi ane 1995. Nan menm jou sa a, Gouvènè Cuomo te pase lòd tou pou yo retire baryè an beton ki te deplwaye sou longè Kapitòl la toutolon State Street.

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418*